



# PREPARASYON POU DEZAS POU FANMI AK TIMOUN

**UPDATED: 02/2014**

Krent ak laperèz timoun soti nan imajinasyon yo, Adilt yo fèt pou pran santiman timoun yo trè serye. Bon ti Pawòl avèk aksyon kapab konfòte yon timoun si li genyen yon bagay ki fè li pè.

Lè w ap pale avèk pitit ou an, ba li enfòmasyon ki chita sou reyalite, ki onèt ak fasil pou li konprann. Pa blyie aprè yon dezas, pi gwo enkyetid ki fè timoun yo manifeste laperèz se :

- Yo pral vin separe avèk fanmi yo, e yo pral rete pou kont yo.
- Evenman sa pra l rive yon lòt fwa ankò.
- Genyen yon moun ki pra l fè yon gwo aksidan oubyen yon moun ki pra l mouri.

## DOH rekòmande ou rasanble yon trous pou pitit ou, ki enkli ladan:

- Tout medikaman y ap pran
- De twa ti liv ke you renmen, kreyon ak papye.
- Jwèt kastèt, yon jwèt plato, jwèt kat.
- Tout jwèt piti ke yo renmen plis, tankou poupe, poupe aksyon, animo en pelich.
- Lèn ak zòrye ke yo renmen plis.
- Foto fanmi ak bèt domestik yo.
- Lòt bagay espesyal ki ka rekonfòte timoun.

Li enpòtan vaksen timoun yo ajou pou evite maladi vaksen yo ka evite, ikonpri yon epidemi sanzatann pandan yon katastwòf..

- Kenbe yon kopi antedesan vaksen pitit ou yo te pran nan twous dezas la ansanm avèk enfòmasyon dijans fanmi an.
- Tout manb fanmi an fèt pou yo make tout dat lè yo te pran dènye vaksen tetanòs-difteri nan dosye sa tou.

## KONSEY SOU KOMINIKASYON AVÈK TIMOUN KONSÈNAN KATASTWÒF

Pou reponn a evenman trajik ki te pase le 11 septanm 2001 an, Akademi Pedyatri Ameriken an (American Academy of Pediatrics - AAP) te ofri kèk konsèy sou fason pou kominike avèk timoun/adolesan pandan yon kriz.

Li enpòtan pou fè timoun yo konnen sèk familyal la trè sere. Timoun yo bezwen asirans nan men paran yo pou yo konnen ke fanmi an an sekirite. Adolesan yo, an patikilye, ka frape plis akòz kalite katastwòf sa a. Paran yo dwe tcheke siy tankou twoub somèy, fatig, yo pa pran plezi nan aktivite yo te konn pran plezi ladan yo oparavan ak abi sibstans dwòg.

Twòp eksposizyon nan medya, sa vle di nouvèl radyo ak televizyon ab bay , ka twomatizan. Li miyò pou pa kite timoun yo oswa adolesan yo wè evenman twomatik sa yo nan televizyon san rete. Timoun ak adolesan yo pa dwe gade evenman sa yo poukont yo. Granmoun yo bezwen ede timoun yo konprann ijans lan oswa katastwòf la. Diskisyon se yon bagay ki vital. Gen plis enfòmasyon ki disponib nan sitwèb [www.aap.org](http://www.aap.org).

Pou plis enfòmasyon, tanpri kontakte depatman lasante konte lokal ou an oswa vizite [www.floridahealth.gov](http://www.floridahealth.gov) oswa [www.floridadisaster.org](http://www.floridadisaster.org).